

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan jeung hasil analisis ngeunaan modél pangajaran *Webbed* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung taun ajaran 2013/2014, bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh digunakeun modél pangajaran *Webbed*, kagolongcan mampuh. Jumlah rata-rata nalika pratésnyaéta 61,21. Dumasar kana aspék nu di ajén, nyaéta aspék éjahan jumlahna nyaéta 84, rata-ratana nyaéta 2,6. Aspék adegan basa jumlahna 83, rata-ratana 2,5. Aspék eusi jumlahna 113, rata-ratana 3,53. Aspék struktur eusi jumlahna 99, rata-ratana 3,09. Tina 32 siswa, ngan 3 siswa nu geus ngahontal KKM, sarta 29 urang nu can ngahontal KKM. Upama dipersentasikeun hasilna nyaéta 9% nu mampuh, sarta 91% nu can mampuh.
- 2) Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung taun ajaran 2013/2014 sabada digunakeun modél pangajaran *Webbed*, kagolongmampuh. Jumlah rata-rata nalika postésnyaéta 80,12. Dumasar kana aspék nu di ajén, nyaéta aspék éjahan jumlahna nyaéta 124, rata-ratana nyaéta 3,8. Aspék adegan basa jumlahna 113, rata-ratana 3,5. Aspék eusi jumlahna 133, rata-ratana 4,5. Aspék struktur eusi jumlahna 130, rata-ratana 4,06. Tina 32 urang siswa, aya 27 urang siswa nu geus ngahontal KKM, sarta aya 5 urang siswa nu can ngahontal KKM. Upama dipersentasikeun hasilna 84,37% nu mampuh, sarta 15,63% can mampuh.
- 3) Aya peningkatan antara kamampuh siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu taun ajaran 2013/2014 dina nulis pangalaman pribadi nalika saméméh jeung sabada digunakeunana modél pangajaran *Webbed*. Rata-rata pretésanu hasilna 61,21% ngaronjat nalikan *posttest* jadi 80,12%. Hartina aya *Sarah Sri Rahayu, 2014*

*Modél Pangajaran Webbedpikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi :
Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun
Ajaran 2013/2014*

peningkatan 18,91%. Aya bédha anu signifikan antara kamampuh siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu taun ajaran 2013/2014 dina nulis pangalaman pribadi nalika saméméh jeung sabada digunakeunana modél pangajaran *Webbed*. Dumasar kana uji hipotésis, nyaéta $t_{itung} > t_{tabé}$ l nyaéta $13,40 > 2,46$.

Jadi aya bédha anu signifikan antara kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Webbed*.

5.2 Saran

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Webbed* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung taun ajaran 2013/2014, ieu di handap ditétélakeun saran.

- 1) Tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, yén modél pangajaran *Webbed* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi. Ku kituna, ieu modél téh bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis pangalaman pribadi, ogé pangajaran nulis séjénna.
- 2) Implemémentasi modél pangajaran *Webbed*, upama rék digunakeun, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, nyaéta prinsip-prinsip modél pangajaran *Webbed*, nyaéta prinsip ngaguar téma, prinsip ngokolakeun pangajaran, prinsip évaluasi, jeung prinsip réaksi.
- 3) Ieu panalungtikan téh ngan ukur ngagunakeun metode kuasi ékspérимén di kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung taun ajaran 2013/2014, ku kituna diperedih sangkan aya panalungtikan séjén anu leuwih jembar.